

Ababanyi, Abagenzi n'Imiryango

**Ingene
Mwofasha
Kumenya
abakenyezi
Bashobora
Kugira
Ingorane**



Ababanyi, Abagenzi n'Imiryango

Hari umuntu mwibaza ko yoba afise ingoran z'agahahazo, mutazi ingene mwomufasha? Uru rwandiko rwerekana ibimenyetso vy'imhuri n'ingene mwomufasha.

Ababanyi, Abagenzi n'Imiryango ni isekeza ryo kwigisha ibimenyetso vyerekana umukenyezi ahahazwa kugira ngo abantu bari hafi y'uwe canke umugabo w'intati bashobore kumufasha.

Abantu bose bafise uruhara rwo kugerageza kubuza agacinyizo gakorerwa abakenyezi. Mushobora kwegera amashirahamwe abegereye afasha abakenyezii bacinyijwe n'abagabo b'intati.

Iri Sekeza ni igikorwa c'isangihagati ya leta ya Ontario, ubuyobozi bukuru bw'imibereho y'abakenyezi n'umugwi w'abahinga wa Voisin-es, ami-es et familles baciye muri Centre for Research and Education on Violence Against Women and Children.

Ibimenyetso vy'imhuri

Mushobora kwikeka ko umubanyi, umugenzi canke incuti, yoba acinyizwa, ariko mutazi ingene mwomufasha canke mwobiganira. Mushobora kuba mutinyi kwunyura iyo ngorane canke mutazi ingene mwovyifatamwo. Mumenye ibimenyetso vy'imhuri canke ibituma vyunyura amatati murashobora kumufasha.

Mubonye ibimenyetso vy'imhuri bikurikira, haba hageze kuvyiyamiriza:

Umugabo aramucinyiza
Umugabo yihariza ijambo niwe avuga gusa kandi avuga cane
Umugabo amwamiza kw'ijisho umwanya wose, no kukazi
Umugabo agerageza kuvuga ko ariwe yababaye kandi ameze nk'uwurwaye akabonge
Umugabo agerageza kumushira kure yanyu
Umugabo amufata nk, uko yoba ari igikoresho cive
Umugabo arabesha kugirango yiyerekane ko ari intungane
Umugabo yifata nkurengeye abandi bose mu rugo

Umugore asaba imbabazi canke agasigura inyifato yiwe canke naho agatata akongera agashavura
Umugore asa n'uwutinyi guserura icyumviro ciwe imbere y'umugabo
Umugore asa n'uwurwaragurika agasiba n'akazi
Umugore agerageza guhisha ibikomere
Umugore arondera ivyitwazo vyo kutitaba umubonano ku munota wanyuma canke ngo ahure n'abandi canke akabirengagiza muhuye mw'ibarabara
Umugore asa nk'uwubabaye, yishwe n'irungu n'intuntu canke afise ubwoba
Umugore anywa ibiyayuramutwe canke inzoga kugira yiyibagize amagorwa yiwe

Ibimenyetso bikomeye vy'imhuri

Ingorane yoba ihambaye kurusha mu bihe bikurikira:

Umugabo afise uburyo bumworohera gushikira umugore wiwe n'abana
Umugabo ashobora kuronka ibigwanisho bimworoheye
Umugabo yaramaze guhahaza uwo mukenyezi canke abandi
Umugabo yamaze kumutera ubwoba bwo kumukomeretsa canke kumwica baramutse bavanye. Akavuga ati: "Utari uwanje ntwawundi azogutwara."
Umugabo atera ubwoba bwo gukomeretsa abana biwe, canke ibitungwa vyawe canke konona ubutunzi bwiwe
Umugabo yagize itera bwoba ko azokwiyahura
Umugabo yara mukubitse canke yagerageje kumuniga
Umugabo ariko aca mu bihe bigoye vy'ubuzima (kubura akazi, kwahukana, yarengewe n'ingorane)
Umugabo yicura umugore ko arenga ibigo

Umugore ahejeje gutandukana n'umugabo we canke biri mu migambi
Umugore afise ubwoba bw'umutekano wiwe n'abana biwe canke n'ashobora kubona ingorane zimugeramiye
Umugore agwanira kugumana n'abana canke afise abana b'abazanano
Umugore akundana n'uwundi mugabo

Umugabo amwagiriza kuba yarononye ubuzima bwiwe
Umugabo ntarondera gufashwa
Umugabo amwamizako ijisho araba ivyo akora vyose, akamwumviriza kwi iterefoni, agasomaamakete yiwe no kumukurikira aho aroye
Umugabo arafise ingorane yo kugumana akazi
Umugabo arafata ibiyayura umutwe canke yama yaborewe iminsi yose
Umugabo atubaha amategeko

Umugore afise inguma zidasiguritse
Umugore nta telefoni afise
Umugore afise izindi ngorane (nko kutavuga icongereza canke igifaransa, canke ntarabona uburenganzira bukwiye bwo kuba muri Canada, canke aba kure y'abandi)
Umugore ntafise abagenzi canke umuryango

Ibiharuro vyerekana ko abakenyezi badashikana imyaka 25, abakenyezi bamugaye, abakenyezi b'imvukira n'abakenyezi babana bidaciye mu mategeko nibo babangamiye ku rusha. (Statistique Canada: La violence familiale au Canada: un profil statistique, 2005).

N'aho agahahazo gakunda gushika mu mibano y'abadahuje ibitsina, karashobora no gushika mu mibano y'abasangiye ibitsina. (Ivyiyumviro biri muri uru rwandiko vyerekeye bose.)

Ingene mwomufasha

Ng'uku ukuntu mwofasha umuntu iyo ibimenyetso vy'imburi vyigaragaje:

- Mubwire ivyo mumaze kubona kandi ko muhagaritswe umutima n'ibibazo bimushikira. Mubwire ko mumutahura kandi atari amakosa yiwe.
- Muhanure ko atohangana n'umugabo wiwe mu gihe yoba afise umugambi wo kuvana nawe. Umutekano wiwe utegerezwa kuba ukwiye.
- Mubaze ko mwoshobora kumurabira abana mu gihe bazoba bariko baramufasha.
- Mugihe mumuhaye ubuhungiro, ntimukundire umugabo wiwe kwinjira.
- Muhanure gutegura agasaho ashiramwo utuntu twiwe twa nkenerwa mukamubikire mugihe yoba abikeneye.
- Menya ko mwebwe canke uwo mugore mushobora guhamagara Femaide, ubuhungiro bubegereye canke mu gihe vyihuta, abajejwe umutekano.

Iyo umugore atemera ko ahahazwa:

- Mumubwire ko ashobora kuza kubitura igihe icarico cose.
- Ntimushavuzwe canke ngo mubabazwe n'ingingo yafashe. Birakenewe ko mutahura y'uko yoba afise ubwoba canke atiteguriye gufata ingingo.
- Gerageza kumutahura igituma ashobora kugira ingorane zo gusaba infashanyo kuko atinya ko bimutera isoni.
- Mubwire ko ushobora kumuherekeza igihe yoba akeneye n'izindi mfashanyo ahariho hose.
- Ni yaba afise abana, musigurire mwitonze ko umutekano wiwe nuw'abana biwe n'ukumeregwa neza kwabo bibaraje ishingira. Arashobora kwemera bitagoranye iyo mpanuro yanyu igihe yobona ko abana biwe nabo bageramiwe.

Ingene mworengera amadidane yotuma mutamufasha

Ngibi ibituma bimwe bimwe vyobatuma mudidana gufasha uwubituye:

Ibibateye amakenga	Ibibazo mwokwisunga
Mwibaza ko ivyo bitabaraba	Zishobora kuba ari ingorane z'agacanutwe. Agahahazo karaba bose
Nti muzi ivyo mwovuga	Kuvuga ikibateye amakenga n'amazinda mufise niyo ntango nziza
Mutinya ko mwunyura ingorane afise	Hamwe mutogira ico mukora vyokwunyura izo ngorane
Ntivyoba biham baye cane ku buryo mwohamagara abajejwe umutekano	Abajejwe umutekano bigishijwe guseruka n'ugukoresha ubuhinga bwabo
Mutinya ko vyobazanira ingaruka mbi, kuri mwebwe n'umuryango wanyu	Muganirize mu gihe yoba ari wenyene. Menyesha abajejwe umutekano iterabwoba mugirirwa

Ibibateye amakenga	Ibibazo mwokwisunga
Wibaza ko adashaka kuvana n'umugabo kuko aguma agaruka	Hari n'aho atoba yaronse imfashanyo ikwiye
Utinya ko umugore yogushavurira	Ivyo birashoboka, mugabo azomanya y'uko ingorane ziwe zibaraje ishingira
Wibaza ko bose uko ari babiri arabagenzi bawe utokwiteranya	Umwe muribo arahahajwe, kandi atekewe n'ubwoba
Mwibaza ko niyaba akeneye gufashwa yovyisabira	Hari n'aho umugore afise ubwoba bwinshi canke atewe n'isoni yo gusaba imfashanyo
Mwibaza ko ari ibanga	Ntivyoba bikibaye ibanga umwe muribo adatekaniwe

Guma utekanye igihe cose. Ntimwite hagati y'abagwana. Hamagara abajejwe umutekano mu gihe vyihuta. Umuntu uwariwe wese arashobora kurwanya agahahazo kagirirwa abakenyezi.

Ukeneye insiguro

Femaide kuri **1-877-336-2433** ni inimeru ya telefone y'abavuga igifaransa mushobora guhamagara umwanya uwariwo wose ku buntu ku bakenyazi bahahajwe mu ntara ya Ontario. Ku bafise ingorane z'ukutumva neza, bashobora guhamagara kuri **1-866-860-7082**. Ivyo muvugira kuri izo nimeru biguma ari ibanga.

Abakorera kuri iyo nimeru barashobora gufasha umukenyezi yahahajwe canke umugabo yatase. Bazoganira namwe ibimenyetso vy'imburi z'agahahazo mwabonye, bongere babahe impanuro ku mfashanyo mushobora gutanga.

Kubifuza kuronka izindi nsiguro ku mfashanyo zitangwa na Femaide, muraraba kuri site: **www.briserlesilence.ca** Mu gihe vyihuta, murahamagara abajejwe umutekano babegereye.

*Abagore n'abagabo benshi baba mu ntara ya Ontario bumva ubwabo biberekeye kurwanya agahahazo kagirirwa abakenyezi. Intambwe ya mbere y'urwo rugamba, ni ukumenya ibimenyetso bigaragaza ako gahahazo. Fate ibimenyetso vy'imburi nka nkama. Kubifuza izindi nsiguro muraraba kuri site: **www.voisinsamisetfamilles.on.ca***

Ukwezi Kwa Gatatu 2009

Biri kandi muzindi ndimi

Imfashanyo ya Guvernema ya Ontario